«Tastıyıqlayman»
Ájiniyaz atındaǵı NMPI Qaraqalpaq
ádebiyatı kafedrası baslıǵı
_______________ S.Qazaxbaev
«_____» ____________

"Házirgi ádebiy process" páninen kúndelik baqlaw (KB) ushın test sorawları

I variant

1. Ǵázzel formasında jazılǵan, biraq on eki báytten artıq bolǵan lirikalıq janr ne dep ataladı?
A) murabba B) mustazad C) qasıyda D) muashshaq
2. Á.Ótepbergenov I.Yusupovtı ózine ustaz dep bilip, onıń qaysı ǵázzeline muxammes baylaǵan?
A) "Deymen men" B) "Báhár hám sen" C) "Ushırattım bir gózzaldı" D) "Dúnya"
3. Shayır I.Yusupovtıń qaytıs bolıwına baylanıslı jazılǵan "Bir keldi..." marsiyası kimniń qálemine tiyisli?
A) S.Nietullaev B) A.Aripov C) X.Dáwletnazarov D) U.Xojanazarov
4. Qaraqalpaq ádebiyatında proza menen jazılǵan poema qaysı?
A) "Iyesiz jurt" B) "Máńgi bulaq" C) "Álwidaǵ muhabbat, xosh qal jaslıǵım" D) "Tutqın"
5. Eski diywallardı sóyletiw arqalı satqın qız, qala hákiminiń perzenti Gúldirsinniń mońgol basqınshılarınıń xanzadasına ashıqlıǵı sebep qılǵan satqınlıǵın áshkara etiwshi poema dóretken shayır kim?
A) N.Tóreshova B) B.Genjemuratov C) O.Sátbaev D) J.Izbasqanov
6. Ádebiyatımızda dástúriy tórt qatarlı qosıq penen emes, milliy epikalıq miyrasımızǵa say terme-tolǵawlıq usıl menen zamanagóy aq qosıq formalarınıń sintezinen ibarat kórkem forma sıpatında jazılǵan dástan qaysı?
A) "Suw peri" B) "Módexan sózi" C) "Qaraqalpaq bayazı" D) "Gúldirsin"
7. Shayır Á.Ótepbergenovtıń "Allańdı umıtpa!" dástanı boyınsha óziniń ilimiy kózqarasların bildirgen ilimpaz kim?
A) K.Qurambaev B) Q.Orazımbetov C) K.Allambergenov D) P.Nurjanov
8. Detektiv janrda jazılǵan "Eki qanxor", "Payǵambarlar hám shaytanlar" povestleriniń avtorı kimler?
A) M.Nızanov, S.Qaniyazov B) Q.Mátmuratov, S.Ismaylov C) M.Nızanov, S.Ismaylov D) d.j.j
9. Turmısta unamsız nárselerdi áshkaralap kórsetiwshi dálme-dál faktlerge tiykarlanǵan ádebiyattıń publicistikalıq janrlarınıń biri?
A) Pamflet B)Feleton C) Drabll D)Esse
10. Aytmurat, Ayxan obrazları jazıwshı K.Smamutovtıń qaysı gúrrińinde berilgen?
A) "Shaqırılmaǵan qonaq" B) "Ateist qaynaǵa" C) "Sargayıp kútip júr" D) "Tuwılǵan jerdiń topıraǵı"
11. Shayır I.Yusupovtıń qaytıs bolıwına baylanıslı B.Seytaev dóretken marsiya qaysı qatarda durıs berilgen?
A) "Xoshlasıw" B) "Shayırsań" C) "Bir keldi..." D) "Dawıl"
12. Jazıwshı A.Sultanovtıń "Aq atlı yamasa atamdı kórgen adam" kimniń tilinen bayanlanadı?
A) Bir qızdıń tilinen B) Qarlıbaydıń C) Názigúldiń D) Ismamut ǵarrınıń
13. Soqır balanıń dramatizmge tolı ómiri A.Sultanovtıń qaysı novellasında ashıp beriledi?
A) "Ájel" B)"Teńiz tuwlaydı" C) "Gúnasız gúnákar" D)"Ananıń kóz jasları"
14. B.Nurabıllaev óziniń dóretken "Marsiya"sın qaysı ilimpazǵa baǵıshlaǵan?
A) Q.Maqsetov B) Yu.Paxratdinov C) Q.Óteniyazov D) K.Mámbetov
15. Shayır T.Jiyemuratovtıń gázzeller toplamı qanday atama menen baspadan shıqqan?
A) "Báhár hám sen" B) "Ushırattım bir gózzaldı" C) "Bir janan" D)"Deymen men"

“Házirgi ádebiy process” páninen kúndelik baqlaw (KB) ushın test sorawları

II variant

1. “Házirgi ádebiy process” pániniń tiykarǵı obyekti qaysı dáwir ádebiyatın úyreniwden ibarat?
   A) XX ásirdiń 80-jıllarınan baslap usı kúnge shekemgi dáwirde dóretilgen kórkem-ádebiy shıǵarmalar
   B) XIX ásirdiń 90-jıllarınan baslap usı kúnge shekemgi dáwirde dóretilgen kórkem-ádebiy shıǵarmalar
   C) XXI ásirdiń 90-jıllarınan baslap usı kúnge shekemgi dáwirde dóretilgen kórkem-ádebiy shıǵarmalar
   D) XX ásirdiń 90-jıllarınan baslap usı kúnge shekemgi dáwirde dóretilgen kórkem-ádebiy shıǵarmalar
2. Xalqımızdıń ótmishi menen baylanıslı emociyaǵa tolı sezim pikirler berilgen “Qozılar” qosıǵınıń avtorı kim?
   A) K.Raxmanov B) H.Ayımbetov C) X.Dáwletnazarov D) Á.Óteniyazova
3. Ózbek ádebiyatshısı Ázim Suyun: “Sońǵı dáwirde watan haqqında jazılǵan eń jaqsı shıǵarma boldı” dep joqarı bahalanǵan dóretpe qaysı?
   A) “Watan topıraǵı”
   B) “Qıtay jipegindegi bitik”
   C) “Ǵayrı jurttaǵı qaraqalpaqlar”
   D) “Qaraqalpaq bayazı”
4. Qosıq degen termin qaysı ádebiyatta “qoshuǵ” yamasa “qwshiq” túrinde qollanılǵan?
   A) “Avesto” B) “Devanu luǵatit turk” C) “Kutadǵu bilig” C) “Diywanı hikmet”
5. Muxammeslerdiń hárbir qatarı neshe buwınnan ibarat boladı?

A) 11-12 buwın B)15-16 buwın C) 14-15 buwın D) 17-18 buwın

6. Yar oyan jaz uyqıdan tań sáhár bolıp qaldı,
   Jáne Ámiw boyında náwbáhar bolıpm qaldı.
   Joqarıdaǵı gázzel kimniń qálemine tiyisli?
   A) I.Yusupov B) Á.Ótepbergenov C) T.Jiyemuratov D)M.Qarabaev
7. A.Fitrat qaysı janr haqqında tómendegishe pikir bildirgen: “Bir ǵázzel bar. Hár qatar, hár báytten keyin sol qatardıń bir bólegi ólsheminde sóz artıladı”?
   A) Muxammes B) Murabba C) Mustazad D) Qasıyda
8. Shayır I.Yusupovtıń qaytıs bolıwına baylanıslı B.Seytaev dóretken marsiya qaysı qatarda durıs berilgen?
   A) “Xoshlasıw” B) “Shayırsań” C) “Bir keldi...” D) “Dawıl”
9. Óz teńine qosıla almaǵan Daniyar degen jigit penen Ziyada degen kelinshektiń keshikken muhabbat sezimleri, olardıń ishki tolǵanısları qaysı poemada óz sáwleleniwin tapqan?
   A) “Tutqın” B) “Qamal” C) “Álwidaǵ muhabbat, xosh qal jaslıǵım” D) “Mámelek”
10. “Súyinbiyke” dástanı kimniń qálemine tiyisli?

A) Á.Ótepbergenov B) M.Jumanazarova C) N.Tóreshova D) T.Sársenbaev

11. N.Tóreshovanıń “Yalǵanshı” dástanınıń qaharmanları kimler?

A) Najmetdin Kubra, Maqtumqulı B) Ziyada, Daniyar C) Sherbek, Axmet D) Áliyma, Zıyada

12. Prozamızdaǵı ilimiy-fantastikalıq janrda jazılǵan roman qaysı?
    A) “Jánnet baǵı” B) “Sizlerge aytıp ketejaqpan” C) “Ushqın” D) “Júrek gallaktikası”
13. Waqıya-hádiyselerdi, turmıs faktlerin hám konkret turmısta bar bolǵan adamlar xızmetin anıq súwretleytuǵın epikalıq janr qaysı?
    A) Ocherk B) Roman-esse C) Pamflet D) Feleton
14. “Ay sıǵalaydı”, “Sátsiz sayaxat”, “Tóǵilgen gúrtik” gúrrińleriniń avtorı kim?

A) A.Sultanov B) K.Smamutov C) Á.Atajanov D) H.Ótemuratova

15. Ata-anadan jetim qalǵan Keńesbay menen Jumagúldiń qıyınshılıqlı ómiri, tuwısqan jezdesi Bóribaydıń miyrimsizligi qaysı novellada berilgen?

A) “Iyesine jetpegen xat” B) “Ananıń kóz jasları” C) “Boz kóylek” D) “Ájel”

“Házirgi ádebiy process” páninen kúndelik baqlaw (KB) ushın test sorawları

III variant

1. Ádebiyatshı ilimpaz Ibrayım Átewliev “Jan dawısı” atamasındağı monografiyalıq izertlewinde qaysı jazıwshınıń novellalarına sın pikir aytqan?
A) G.Ibragimova B)M.Jumanazarova C) Ǵ.Seytnazarov D) K.Smamutov
2. Mikrorayonda qońsı turatuǵın eki háyeldiń óz ara áytewir zat ústinde kiyisip aytısıwı, urısıwı, kranníń elespesiz ashıq qalıwısuwdıń jayǵa tolıp ketiwi, usı tiykarda eki qońsiniń aytısıwı sıyaqlı turmıstıń ashshı shınlıǵı H.Ótemjuratovanıń qaysı gúrrińinde ashıp berilgen?
A) “Hayaldıń kiyisi” B) “Adamnıń záhári” C) “Toǵız toplam” D) “Shaqırılmaǵan qonaq”
3. Syujettiń kútilmegen baslama menen baslanıwı hám sheshilmegen keskin shiyelenisiwge iye bolıwı qaysı janr talapları esaplanadı?
A) Gúrrıń B) Ocherk C) Esse D) Novella
4. Shayır T.Jiyemuratovtıń gázzeller toplamı qanday atama menen baspadan shıqqan?
A) “Báhár hám sen” B) “Ushıratttım bir gózzaldı” C) “Bir janan” D)“Deymen men”
5. “Ay sıǵalaydı”, “Sátsiz sayaxat”, “Tógilgen gúrtik” gúrrińleriniń avtorı kim?
A) A.Sultanov B) K.Smamutov C) Á.Atajanov D) H.Ótemuratova
6. Qaysı dástannıń syujetinde Najimatdin Kubra, Maqtumqulı obrazları qatnasadı?
A) Á.Ótepbergenov “Allańdı umıtpa!” dástanı B)N.Tóreshova “Yalǵanshı” dástanı
B) B.Genjemuratov “Mádexan sózi...” D) G.Nurlepesova “Qumar ana” dástanı
7. Shayır A.Óteniyazovanıń “Sońǵı jol” marsiyası kimge arnap jazılǵan edi?
A) I.Yusupov B)Rashid Xojasov C) Z.Xojanazarova D) K.Mámbetov
8. Marsiya óziniń sáwlelendiretuǵın mazmunına kóre folklordaǵı jaoqlaw qosıqlarına uqsap ketetuǵınlıǵı, joqlaw – folklorǵa tiyisli qosıq túri bolsa, marsiya – jazba ádebiyatqa tiyisli janr ekenligin atap kórsetken ádebiyatshı ilimpaz kim?
A) K.Mámbetov B) Q.Orazımbetov C)Z.Bekbergenova D)Q.Járimbetov
9. Ilimpaz Q.Orazımbetovtıń doktorlıq dissertaciyası teması qalay ataladı?
A) Házirgi qaraqalpaq lirikasında kórkemlik izleniwshilik
B) Qaraqalpaq poeziyasında qosıq qurılısı
C) Qosıq teoriyası
D) Házirgi qaraqalpaq poeziyasında kórkem formalardıń evolyuciyası hám tipologiyası
10. Alisher Nawayı óz marsiyaların qaysı formada jazǵan?
A) ǵázzel B) tarjeband C) tarkibband D) musaddas
11. J.Izbasqanovtıń “Qamal” poeması qaysı janrda jazılǵan?
A) Dramalıq poema B)liro-epikalıq poema C) liro-dramalıq poema D) nasriy poema
12. “Tanılǵan tulǵalar” rubrukası astında jazılǵan “Aǵalar yadqa túskende...” atlı ocherk kimniń qálemine tiyisli?
A) Q.Kamalov B)J.Esenov C)Q.Orazımbetov D)M.Nızanov
13. Gúlzira menen Shàriyardıń turmısı, olardıń bir-birin túsinbey qalıwı aqıbetinde kelip shıqqan kelispewshilikler M.Jumanazarovanıń qaysı novellasında ashıp beriledi?
A) “Qas qaǵım payıtta” B) Qıysıq soqpaq C) “Sır” D) “Amanat”
14. Oń mıń ulan átirapıma topladım,
Oń mıń qasqır gúrtlerim dep saqladım.
Ottan alıp, suwǵa saldım mıń ret,
Men birliktiń balǵasınıń soqqısında tapladım....
Usılayınsha mártlikti, qaharmanlıqtı ulıǵlaw stili qaysı dóretpede orın alǵan?
A) “Allańdı umıtpa!” B) “Módexan sózi...” C) “Yalǵanshı” D)”Qamal”
15. “Dúwdendegi dápter”, “Eski súrenler” povestleri kimniń qálemine tiyisli?
A) G.Esemuratova B)H.Ótemuratova C) G.Nurlepesova D)N.Tóreshova

“Házirgi ádebiy process” páninen kúndelik baqlaw (KB) ushın test sorawları

IVvariant

1. Qaraqalpaq ádebiyatında eń birinshilerden bolıp “nasrıy poema” dóretken shayır kim edi?
A) N.Tóreshova B)I.Yusupov C)X.Dáwletnazarov D)J.Izbasqanov
2. Qaysı dástannıń syujetinde Najimatdin Kubra, Maqtumqulı obrazları qatnasadı?
C) Á.Ótepbergenov “Allańdı umıtpa!” dástanı B)N.Tóreshova “Yalǵanshı” dástanı
D) B.Genjemuratov “Mádexan sózi...” D) G.Nurlepesova “Qumar ana” dástanı
3. Házirgi ádebiy processte ádebiy sáwbet janrında ilimpaz Q.Orazımbetov qaysı jazıwshı-shayırlar menen sáwbet alıp barǵan?
A) B.Genjemuratov, M.Nızanov B) I.Yusupov, B.Genjemuratov
B) M.Nızanov, G.Matyakubova D)K.Karimov, J.Izbasqanov
4. Mikrorayonda qońsı turatuǵın eki háyeldiń óz ara áytewir zat ústinde kiyisip aytısıwı, urısıwı, krannıń elespesiz ashıq qalıwısuwdıń jayǵa tolıp ketiwi, usı tiykarda eki qońsiniń aytısıwı sıyaqlı turmıstıń ashshı shınlıǵı H.Ótemjuratovanıń qaysı gúrrińinde ashıp berilgen?
A) “Hayaldıń kiyisi” B) “Adamnıń záhári” C) “Toǵız toplam” D) “Shaqırılmaǵan qonaq”
5. Á.Ótepbergenovtıń “Allańdı umıtpa!” dástanı on qatarlı qosıq qatarları menen jazılǵan bolıp, neshe bólimnen ibarat?
A) 605 bólim B)600 bólim C)610 bólim D)608 bólim
6. “Qumar ana” dástanı kimniń qálemine tiyisli?
A) G.Nurlepesova B) N.Tóreshova C)M.Jumanazarova D)H.Ótemuratova
7. Ádebiyatshı ilimpaz Ibrayım Átewliev “Jan dawısı” atamasındaǵı monografiyalıq izertlewinde qaysı jazıwshınıń novellalarına sın pikir aytqan?
A) G.Ibragimova B)M.Jumanazarova C) Ǵ.Seytnazarov D) K.Smamutov
8. Juldız aqtı dese aqshamǵı waqta,
Dárhal sen túseseń yadıma meniń.
Jasın tústi dese jasıl daraqqa,
Dárhal sen túseseń yadıma meniń.
Shayır I.Yusupov bul qosıq qatarların kimniń mezgilsiz qaytıs bolıwına arnaǵan edi?
A) Q.Maqsetov B) M.Nurmuhammedov C)N.Dáwqaraev D) Q.Ayımbetov
9. “Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq prozası” miyneti qaysı ilimpazǵa tiyisli?
A) Q.Orazımbetov B) K.Mámbetov C)P.Nurjanov D)Q.Járimbetov
10. Soqır balanıń dramatizmge tolı ómiri A.Sultanovtıń qaysı novellasında ashıp beriledi?
A) “Ájel” B)”Teńiz tuwlaydı” C) “Gúnasız gúnákar” D)”Ananıń kóz jasları”
11. “Portret ocherki biografiya emes. Qalay da ol biografiyalıq materiallardan tursa da, ol tek biografiyanıń tek bir elementin ǵana óz ishine qamtıydı”, - degen pikir qaysı ilimpazǵa tiyisli?
A) L.Tolstov B)N.Baskakov C) V.Percov D) Pospelov
12. Boz kóylek detalı arqalı barlıq turmıs waqıyaların sheber ashıp bergen, ústine sıya tógilgen boz kóylekti sıya boyawǵa boyatıp kiyip balalıqtı ótkeriw waqıyası arqalı qıyınshılıqlı jıllardı óz novellasında ashıp bergen jazıwshı kim?
A) A.Sultanov B) K.Smamutov C)M.Jumanazarova D) Ó.Ótewliev
13. Shayır T.Jiyemuratovtıń gázzeller toplamı qanday atama menen baspadan shıqqan?
A) “Báhár hám sen” B) “Ushırattım bir gózzaldı” C) “Bir janan” D)“Deymen men”
14. Qosıq degen termin qaysı ádebiyatta “qoshuǵ” yamasa “qwshiq” túrinde qollanılǵan?
A)“Avesto” B) “Devanu luǵatit turk” C) “Kutadǵu bilig” C) “Diywanı hikmet”
15. Eski diywallardı sóyletiw arqalı satqın qız, qala hákiminiń perzenti Gúldirsinniń mońgol basqınshılarınıń xanzadasına ashıqlıǵı sebep qılǵan satqınlıǵın áshkara etiwshi poema dóretken shayır kim?
A) N.Tóreshova B) B.Genjemuratov C) O.Sátbaev D) J.Izbasqanov